Bhaibheri re vana

Rikukupai

Mwanakomana akarasika



Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes
Rakafanidzirwa ne: Lazarus
Rakatorwa na: Ruth Klassen; Sarah S.
Rwakashandurwa na: Tendai Mugova
Rakabudiswa na: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

©2015 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.



Jesu aifarira kutaurira vanhu kuti Mwari akanga achida kuvaregerera. Asi vatungamiri vakapopota nokuda kweushamwari hwake navatadzi. Zvino Jesu akavaudza nyaya nhatu dzairatidza kuti Mwari anofara kana vatadzi vakakumbira ruregerero.

Nyaya yokutanga yakanga iri pamusoro peumwe murume
akanga aine hwai zana. Hwai imwe chete yakarasika.
Mufudzi akasiya dzimwe hwai achienda kundotsvaka imwe yakanga yarasika.

Mufudzi akatsvaga kwose kusvika awana gwai rakanga rarasika. Akaritakura pamapfudze ake ndokudzokera kumba.

Akaudza shamwari dzake kuti, “Pemberai neni nokuti ndawana gwai rimwe chete rakanga rarasika.”

Jesu akataura kuti
kana kudenga kunova
nemufaro mukuru
kana munhu mumwe
chete achinge
atendeuka.
Kutendeuka
kunoreva kuti
munhu anenge
aine urombo
nezvitadzo
zvake, urombo
unoita kuti
aregere
kutadza.

Nyaya yepiri yaJesu yakanga iri pamusoro pemukadzi akanga aine masirivha makumi, zvichida akanga ari ose akachengeta. Akarasikirwa nesirivha rimwe chete.

Tsvai! Tsvai! Tsvai! Mukadzi akatsvaga kwese. Zvisinei, akawana sirivha rake akava nomufaro mukuru. Unofunga kuti akaita sei? Hongu, akaudza shamwari dzake dzose.

Zvakare
Jesu akati,
“Kune mufaro
mukuru pakati
pengirozi
dzaMwari
kana munhu
mumwe chete
atendeuka.”

Nyaya yaJesu yechitatu
yakanzwisa tsitsi kwazvo.
Yakanga iri pamusoro
peumwe mukomana
akasiya imba
yababa vake.

Mukomana akaenda kunyika yakanga iri kure akanodya mari yake. Zvino akanga achaita sei? Mukomana akanga achafa nenzara nokuti makore enzara akatevera.



Achitsvaga zvokudya, mukomana akawana basa rokuchengeta nguruve. Zvichida akadya chikafu chenguruve. Zvisinei mukomana akafunga akati, "Ndodzokera kumba nokuti kana vashandi vanodya zviri nani pane zvandirikudya."



“Ndinodzokera kumusha ndinokumbira baba vangu kuti vandiregerere. Handikodzere kuva mwana wavo. Zvichida vanokwanisa kundipa basa somushandi wavo.”

Asati asvika kumba, baba vake vakamuona achiuya.
Vakafara chaizvo kuona mwana wavo achidzoka.
Vakamutsvoda vachibva vamumbundira
mumaoko avo.



Mukomana akataura achiti, “Baba ndakatadza. Naizvozvo, handikodzeri kuva mwana wenyu.”

Mukomana akanga achida kukumbira baba vake kuti vamuite mushandi wavo.

Asi baba vakatanga kutaura vakati, “Hunzai nguwo yakanaka neshangu dzokuti ndipe mwana wangu. Gadzirirai mabiko makuru.”

Vakaita mabiko makuru nokuti mwana akanga arasika akanga awanikwa. Jesu akataura nyaya iyi nokuti yakaratidza kuti Mwari anofarira kugamuchira vatadzi vanotendeuka vachiuya kwaari.

Mwanakomana akarasika

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Ruka 15

“Mazwi enyu anotipa kuchena.”
Mapisarema 119:130


Magumo

Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari
Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema.
Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo,
akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye
akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera
kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira
kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera!
Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara
maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti
Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu
panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo
mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye
nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti
ndikuteerereyi, ndirarame semwana wenyu. Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16